**РЕЗЮМЕ.** В данной статье приведены данные об анализе социально-психологических факторов, влияющих на развитие уверенности в себе будущих педагогов, так называемая "оценка отношения личности к себе" и предварительные результаты, полученные по "анкете, определяющей психологические особенности развития уверенности в себе будущих педагогов."

**SUMMARY.**This article presents data on the analysis of socio-psychological factors influencing the development of self-confidence in future teachers, the so-called "assessment of a person's attitude towards themselves" and the preliminary results obtained from the "questionnaire that determines the psychological characteristics of the development of self-confidence in future teachers."

# ÓSPIRIMLIK DAWIRDE OYLAW PROCESINIŃ RAWAJLANÍW ÓZGEShELIKLERI

**M.M.Djolımbetova –** *psixologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** o'smirlik psixologiyasi, tafakkur jarayonining rivojlanishi, erkin fikrlash, bilish jarayonining rivojlanishiga ijtimoiy omillarning psixologik ta'siri.

**Ключевые слова:** психология подросткового возраста, развитие мыслительного процесса, свободомыслие, психологическое влияние социальных факторов на развитие познавательных процессов.

**Key words:** psychology of adolescence, development of the thought process, free-thinking, psychological influence of social factors on the development of cognitive processes.

**Kirisiw.** Búgingi kún – globallasıw dáwiri. Bul dáwir insaniyattıń zaman menen teń qádem taslawın talap etedi. Sol sebepli, túrli taraw qánigeleri óz ana tilin tereń biliwi menen bir qatarda, bir neshe shet tillerin biliwi hám qarım-qatnasqa kirise alıwı maqsetke muwapıq. Bunıń ushın shet tillerin úyreniw hám oqıtıw sistemasın jánede zamanagóy metodlar menen qáliplestiriw hámde shet tillerin úyreniwge bolǵan motivaciyanı asırıw úlken áhmiyetke iye.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 29-apreldegi PF-5712-sanlı "Xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı pármanı [1], Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 3-maydaǵı "Intalı jaslardı anıqlaw hám joqarı maman kadrlar tayarlawdıń úzliksiz sistemasın shólkemlestiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-4306-sanlı qararı [2] hám de Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2019-jıl 5-apreldegi "Ulıwma bilim beriw mektepleri ushın alternativ sabaqlıqlardı jaratıw hám olardan paydalanıw sistemasına basqıshpa-basqısh ótiw mexanizmin engiziw ilajları haqqında"ǵı 281-san qararları [3] usı sistema xızmetin túpten jetilistiriw ushın is ilájları bolıp atır.

Bul zárúrli hújjetler tiykarında islep shıǵılǵan jol kartası ulıwma orta tálim sistemasın rawajlandırıwǵa tiykar bolıp atır. Sonday-aq, ol jaǵdayda professional kadrlardı tayarlaw hám de oqıtıw metodikaların jetilistiriw, tálim-tárbiya procesine individuallastırıw principlerın basqıshpa-basqısh qollanıw máseleleriniń sheshiliwi belgilep berilgen. Usı wazıypalar ulıwma orta tálimde shet til oqıw predmetin ámeldegi jaǵdayın jaqsılaw, sıpat hám nátiyjelililikti hám modernizaciyalawǵa tiykar boldı.

Dúnya júzinde tálim, insan kapitalı qáliplesiwiniń zárúrli faktorı sıpatında payda bolıwı menen birge, oqıwshı - jaslardıń dúnyanı biliwge hám ol jaǵdayda óz ornın, poziciyasın belgilep alıwǵa bolǵan umtılıwları kúsheyip atır.

Jáhán bankiniń ekonomikalıq ósiw máseleleri boyınsha izertlewleri nátiyjeleri, ekonomika salasındaǵı mámleketlerdiń 16% fizikalıq kapital, 20% tábiyiy hám 64% insan kapitalına baylanıslı ekenligin kórsetedi. Sonıń menen birge, tálim mákemelerinde oqıwshılardıń tárbiyası, olardı social normalarǵa mas ámel etetuǵın shaxs sıpatında tárbiyalaw máseleleri de aktual áhmiyetke iye bolıp kelmekte.

"Eń úlken baylıq – bul aqıl-zakawat hám ilim, eń úlken miyras – bul jaqsı tárbiya, eń úlken jarlılıq – bul bilimsizlik" [4:4] – dep húrmetli prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev aytıp ótkenindey, hámmemiz ushın zamanagóy bilimlerdi ózlestiriw, haqıyqattan hám joqarı mánáwiyat iyesi bolıw úzliksiz ómirlik zárúriyatqa aylanıwı kerek.

**Tiykarǵı bólim.** Óspirimlik dáwiri bul jeke hám kásiplik óz jolin tańlaw júz beretuǵın dáwir bolıp, bul dáwirde qádiriyatlı maqsetlerdi tańlaw hám keleshektegi turmıs ushın oǵada zárúrli bolǵan qararlardı qabıllaw júz beredi.

D.B.Elkonin óspirimlik dáwirin dáslepki óspirimlik hám úlken óspirimlik dáwirlerine ajıratıp, bul dáwirde bolıp óspirimlerde jetekshi xızmet oqıw hám kásip tańlaw bolip esaplanadı degen pikirlerdi bildirdi [5:101]. Dáslepki óspirimlik dáwiri «kamalat bosaǵası» dep ataladı. Bul kámalǵa jetken basqıshı fiziologiyalıq, psixologiyalıq jáne social shegaralardı óz ishine aladı. Jaslardıń jámiyette tutqan ornı, olardıń poziciyası, olar iyeleytuǵın bilimlerdiń kólemi hám bir qatar basqa faktorlar social sharayatlarǵa baylanıslı. Dáslepki óspirimlik jası balalardıń 15 jastan 18 jasqa deyingi rawajlanıw dáwirin óz ishine aladı. Bul ulıwma bilim beriw mektepleriniń joqarı klass hám akademiyalıq licey hám de kásip-óner kolledjleri oqıwshıları bolıp tabıladı.

Óspirimlik dáwiri, tiykarınan, ol jaǵdayda ǵárezsiz turmıstıń baslanıwı yaǵnıy, orta mektepti tamamlap, licey, kolledjlerde oqıwdı dawam ettiriw menen xarakterlenedi. Turmıstaǵı bul ózgerisler dáslepki óspirimlik shaxsına, onı ózin ańlawına tásir kórsetedi.

Óspirimlerden ayrıqsha ózgeshelikleri, olar úlkenler turmısın kóz aldında keltire almaydı, biraq sol jaǵdayǵa qatnasadı. Onıń ǵárezsizligi artıwı menen bir qatarda úlkenlerdiń oǵan qatnasları da ózgeredi. Úlkenler óspirimge kóbirek bala dep qarasa, dáslepki óspirim jasdaǵılarǵa úlken adam sıyaqlı qatnasda boladı. Dáslepki dáwir óspirimler turmısda óz ornın tabıwǵa salıstırǵanda umtılıwdı ańlaǵan jaǵdayında bóle baslaydı. Ol óz turmıslıq jobaların ámelge asırıw ushın háreket etip málim bir kásipti iyelep baslaydı yamasa sol taraw boyınsha akademiyalıq liceylerde oqıwın dawam ettiredi.

Óspirimler tańlaǵan tarawları yamasa kásiplerinde kútá úlken jańalıqlar, jańa ashılıwlar islegisi keledi, biraq az-azdan, jańalıq qılıw ushın olarda bilim hám tájiriybe

jetispey atırǵanlıǵın, onıń ushın kóbirek oqıw hám úyreniwleri kerek ekenligin ańlap baslaydı.

Óspirim bala menen úlken adam arasındaǵı aralıq poziciyanı iyeleydi. Óspirimniń jámiyette tutqan ornı úlkenlerge baylanıslı, úlkenler olarǵa turmıs iskerliginiń tiykarǵı mazmun hám baǵdarın belgilep beredi. Oqıw iskerligi óspirimniń tiykarǵı iskerligi bolıp qala beredi. Erkin turmısqa tayınlıǵın óz-ózin ańǵarıwı menen motivlar bul dáwirde jetekshi orındı iyeleydi. Motivlar sistemasında jámiettiń tolıq aǵzası bolıwǵa umtılıw, insanlarǵa payda keltiriw sıyaqlı social motivler ústinlik etedi. Bul dáwirde óspirimlerdiń kelesi turmıslıq hám tańlap atırǵan kásiplik rejeleri boyınsha pánlerge salıstırǵanda qızıǵıwshılıqları ózgeredi, óspirimniń pánlerge hám de sol pán oqıtıwshılarına bolǵan qatnası ózgeredi. Óspirimlik dáwirinde ózi gózlegen maqsetlerine erisiwge tiykarlanǵan motivlar birinshi orınǵa kóteriledi.

Óspirimler ózleriniń oqıwǵa bolǵan qatnasları hám olardıń oqıp – úyreniwge baǵdarlawshı sebeplerdi jaqsı tusinip jetedi. Oqıwshılardıń biliw procesleri túrli kózqaraslardı analiz etiwge hám bul másele boyınsha hár tárepleme oylaǵan óz pikirin beriwge járdem beredi. Bul jastaǵı óspirimler átirap taǵı túrli waqıya hádiselerdegi haqıyqattı biliwge umtıladı. Olardıń tayar sheshimler, maǵlıwmatlar menen emes, bálkim sol sheshim hám maǵlıwmatlardı ózleri oy-pikir júrgizip, izlew procesiniń ózi kóbirek qızıqtıradı [6:42]. Buǵan baylanıslı túrli máseleler boyınsha báseki hám tartıslar júrgiziwge hám olardıń pikirlerin tastıyıqlawǵa júdá qızıǵadı. Óspirimlik dáwirinde biliw processleriniń rawajlanıwı aktiv túrde dawam etedi. Biraq, bul rawajlanıw óspirimniń ózine jáne onıń átirapındaǵılarǵa kem bilinedi. Bul dáwirge kelip, óspirimler tolıq túrde logikalıq oylawǵa iye boladı, teoriyalıq pikir júrgizip, ózlerin - ózleri analiz ete aladı. Olar endi biymálel etikalıq, siyasiy hám basqa temalarda básekilesip alıp, óz múnásibetlerin bildire aladı.

Turmıslıq mashqalalardı jemisli sheshe alıw, óziniń jeke hám kásiplik rawajlanıwda joqarı nátiyjelerge erisiw insannıń haqıyqatlıqtı múnásip tárizde ańlay alıwı hám de óziniń aktivlik dárejesi, haqıyqatlıqta tuwrı jol taba alıw potencialı, barlıq tiykarǵı baylanıslardı ornata alıwı hám de tábiiy hám social haqıyqatlıqta júz berip atırǵan ózgerislerdi ańlay alıwına baylanıslı. Bunday potencialdıń rawajlanıwın jemisli isleytuǵın aqılǵa tayanadı dep aytıp ótken edi A.A.Bodalev [7:265].

Aqıl rawajlanıwı hám de ámel etiwiniń eń saldamlı tárepi maqsetti qáliplestiriw hám boljaw procesleri bolıp tabıladı. Bul procesler social rawajlanıwdıń áyne ótiw dáwirlerinde ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Adamlardaǵı turmıslıq hám kásiplik maqsetlerdi qáliplestiriw abstrakt kóriniske iye emes. A.A.Bodalevtiń pikiri boyınsha, bular kóbirek insan ushın jeke unamlı áhmiyetke iye bolǵan jámááttegi ayrıqshalıqlarǵa baylanıslı halda kóbirek anıqlanadı hám de bunday jámáát retinde insan tiyisli bolǵan kishi topar ǵana emes, bálkim ol tiyisli bolǵan mámleket hám de bul mámlekettegi turmıstıń barlıq tarawları - siyasat, ekonomika, texnika, ilim, tálim hám basqalar júzege shıǵıwın aytıp otedi. Házirgi waqıtta bul barlıq tarawlarda arnawlı bir insannıń social máselelerin sheshiwge arnalǵan ilimiy oylawın rawajlandırıwǵa tásir kórsetetuǵın salmaqlı ózgerisler júz berip atır.

Intellektual iskerliktegi tiykarǵı process pikirlew procesi bolıp, pikirlewdiń sapası onıń logikalılıǵı, ǵárezsizligi, dóretiwshiligi, ilimiyligi, tıyanaqlılıǵı, tıǵız baylanıslılıǵı, qolaylılıǵı, maqsetliligi, tezligi, analitiklıǵı, salıstırıwshılıǵı, ulıwmalastırılǵanlıǵı, menshiklilestirilgenligi, keńligi, tereńligi, isenimliligi, reallıǵı, shınlıǵı dárejesi menen belgilenedi. Sonıń menen birge intellektuallıq sapalar qabıl etiw, este saqlaw, oylaw hám sol sıyaqlı psixologiyalıq proceslerdiń tezligi hám de taǵı basqa parametrleri menen baylanıslı. Intellektual rawajlanıw dárejesi óspirimlerde qansha joqarı bolsa, sonsha jaqsı nátiyjelerge erisiw múmkinshiligi boladı.

Óspirimlerdiń erkin pikirlew qábiletin intellektual rawajlanıwı kriteryası retinde qaralıwı kerek. Sol sebepli óspirimlerdiń intellektual qábiletin rawajlandırıw kerek. Insan sırttan alatuǵın xabardı tupten ózgertiw mamanlıǵın rawajlandırıw, dóretiwshilik máselelerdi sheshiw, qarama qarsılıqlardı izlep tabıw, mashqalalı wazıypalardı sheshiw hám modelin tabıw, uqsaslıq hám ayırmashılıqlardı ızlep tabıw hám basqa jollar menen intellektual qábiletti rawajlandırıw zárúr [8:112].

Statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, óspirimlerden keleshek haqqındaǵı qıyalların anıqlaw ushın keleshekte qaysı kásip iyesi bolıwdı qáleysiz? degen sorawǵa ulıwma bilim beriw mektep oqıwshıları menen licey oqıwshıları arasında turmıslıq qıyallarında ayırmashılıqlar bar ekenligi anıqlandı. Sorawda qatnasqan ulıwma bilim beriw mektep oqıwshılarınıń 24% ózin keleshekte qaysı kásip iyesi wákili bolıwda ele ekileniw bar ekenin, anıq sheshimge kelmegenleri atap kórsetken bolsa, licey oqıwshılarında bolsa kerisinshe, kópshilik oqıwshılar qaysı jónelis hám qaysı joqarı tálim shólkemine tálim alıwdı qálewi haqqındaǵı qararların aytıp ótken. Anıq sheshimge keliw motivların úyreniw maqsetinde naǵız ózi kásip hám ilmge qızıǵıwshılıǵıńızda qaysı faktorlar jetekshi bolǵanlıǵın soraǵanda, izertlewde qatnasqan óspirimlerdiń 32% shańaraq aǵzaları, 28% ustazları, 40% social tarmaqlarda túrli taraw wákilleriniń pán texnika rawajlanıwında erisken jetiskenliklerine háwesleri sebepli degen juwaplardı atap kórsetken. Ulıwma bilim beriw mektep hám licey oqıwshılarınıń qıyalları keńeyip baratırǵanın, keleshekte qaysı kásip iyesi bolıwına qaramastan olardıń ilimiy hám socialliq ómirlerinde shet tilleri hám kompyuter texnologiyalarına bolǵan mútajlik joqarı bolıwın aytıp ótdi.

Bunnan sonday juwmaq shıǵarıw múmkin, óspirimler tańlaǵan kásibiniń ustası bolıwı ushın olarǵa jaqsı bilim hám kónlikpeler zárúr ekenligi dep esaplaydı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, óspirimlik dáwirinde oylaw procesin rawajlandırıwda - olardıń xarakterindegi ózgeshelikleri menen turmıslıq wazıypalardaǵı rolinde, keyingi turmıs jolın boljaw, jámiyettegi óz ornın tańlaw basqıshların socuyum normasına qarap, mintalitet tárbiyasın esapqa alıp reje dúzip baradı. Al, bul bolsa bizden, óspirimlerdi oqıw hám jámiyetshilik jumıslarında unamlı jetiskenliklerge eriskenlerdi pedagoglar tárepinen kóbirek xoshametlendirip barıwdı, óspirimlerdi tuwrı kásip hám óner tańlawlarında ilimiy dereklerdi analiz qılıwdı, óspirim jaslardıń anıq maqsetlerine erisiwleri ushın turaqlı motivaciyalar modelinen paydalanıwdı, túrli kásip salasındaǵı jetekshi qánigeler, tabıslı ılım wákilleri menen ushırasıwlar uyımlastırıwdı talap etedi.

**Ádebiyatlar**

1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 29-apreldagi «Oʻzbekiston Respublikasi Xalq ta'limi tizimini 2030 yilgacha rivojlantirish kontseptsiyasini tasdiqlash toʻgʻrisida»gi PF-5712-sonli Farmoni.
2. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 3-maydagi «Iqtidorli yoshlarni aniqlash va yuqori malakali kadrlar tayyorlashning uzluksiz tizimini tashkil etish chora-tadbirlari toʻgʻrisida»gi pq-4306-sonli qarori
3. Oʻzbekiston Respublikasi Vazirlar mahkamasining 2019-yil 5-apreldagi «Umumta'lim maktablari uchun muqobil darsliklarni yaratish va ulardan foydalanish tizimiga bosqichma-bosqich oʻtish mexanizmini joriy etish chora-tadbirlari toʻgʻrisida»gi 281-sonli qarori.
4. Mirziyoyev Sh.M. Yangi Oʻzbekiston strategiyasi. –Toshkent: 2021. 24-b.
5. Эльконин Д.Б. Введение в психологию развития. – М.: "Тривола", 1994. – С. 101.
6. Nishonova Z., Askarova N.A. va boshq. Oʻquvchilarda past oʻzlashtirish diagnostikasi va psixokorrektsiyasi. –T.: 2014. 42-b
7. Бодалев А.А. Личность и общение. – М.: "Педагогика", 1983. –С. 265.
8. Sunnatova R.I., Karimova V.M., Tadjibaeva R.N. Mustaqil fikrlash. –Toshkent: "Sharq". 2000. 112-b.

**REZYUME.** Ushbu maqolada oʻsmirlik davrining psixologik hususiyatlari, tafakkur jarayonining rivojlanishi va fikr erkinligi, tafakkur haqida ma'lumotlar keltirilgan, shuningdek, tafakkur jarayonining turli adabiyotlarda oʻrganilganligi va tahlil qilinganligi keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены сведения о психологических различиях подросткового возраста, развитии мыслительного процесса и самостоятельного мышления, мышления, а также исследование и анализ мыслительного процесса в различной литературе.

**SUMMARY.** This state presents information about the psychological differences of adolescence, the development of the thought process and independent thinking, mixing, as well as the study and analysis of the thought process in various literature.

UOʻK: 159.922.7-053.4:616.891.6(043.3)

## MAKTABGAChA YOSh DAVRIDAGI BOLALARDA XAVOTIRLANIShNING ZAMONAVIY KOʻRINIShLARI VA ULARNING PSIXOLOGIK YEChIMLARI

**S.G.Xasanova –** *psixologiya fanlari boʻyicha falsafa doktori, dotsent*
*Qoʻqon universiteti Andijon filiali*

**Tayanch soʻzlar:** xavotirlanish, maktabgacha yosh, psixologik rivojlanish, ijtimoiy tarmoqlar, texnologiya, emotsional qoʻllab-quvvatlash, stress, ijtimoiy muhit, ota-onalar, sogʻlom kommunikatsiya, ijtimoiy koʻnikmalar, samarali strategiyalar.

**Ключевые слова:** тревога, дошкольный возраст, психологическое развитие, социальные сети, технологии, эмоциональная поддержка, стресс, социальная среда, воспитание детей, здоровое общение, социальные навыки, эффективные стратегии.

**Key words:** anxiety, preschool age, psychological development, social networks, technology, emotional support, stress, social environment, parenting, healthy communication, social skills, effective strategies

**Kirish.** Maktabgacha yosh davridagi bolalarda xavotirlanish bugungi kunda ijtimoiy, iqtisodiy va texnologik oʻzgarishlar bilan bogʻliq holda dolzarb muammo hisoblanadi. Ushbu yosh guruhi, ya'ni 3-7 yoshgacha boʻlgan bolalar, psixologik jihatdan juda nozik davrni boshdan kechirishadi. Ularning hissiy holatlari, rivojlanishi va ijtimoiy munosabatlari koʻplab omillardan ta'sirlanadi.

**Mavzuga oid adabiyotlarning tahlili.** Maktabgacha yosh davri psixik xususiyatlarining oʻziga xos shakllanish muammosiga doir respublikamiz psixolog olimlaridan F.A.Akramova, Sh.Bekova, Sh.A.Doʻstmuxammedova, Z.T.Nishanova, M.Norbosheva, A.R.Rasulova, I.Raximova, M.Taydjanova va boshqalar oʻz ilmiy tadqiqotlarida maktabgacha yoshdagi bolalarning psixologik xususiyatlari, bilish jarayonlari, psixologik muammolarining psixodiagnostikasi, korreksiyasi va korreksion rivojlantiruvchi ishlarni samarali tashkil etishning psixologik jihatlarining nazariy va amaliy tomondan ilmiy tadqiq etishgan.

Zamonaviy hayot sharoitida bolalar koʻplab stress manbalariga duch kelishmoqda. Texnologiyaning rivojlanishi, ota-onalar va tarbiyachilarning ishlash sharoitlari, maktabga tayyorgarlik jarayoni, shuningdek, ijtimoiy muhitdagi oʻzgarishlar bolalarning xavotir darajasini oshirishga olib keladi. Bolalar uchun xavotirlar, xususan, yangi muhitga moslashish, oʻzaro munosabatlar va oʻzini ifoda etish bilan bogʻliq muammolar sifatida namoyon boʻladi.

**Tadqiqot metodologiyasi.** Bolalar psixologiyasini, tarbiyaviy muhitni va ijtimoiy faoliyatni chuqur tushunishga yordam beradi. Shuningdek, bolalardagi xavotirlarni aniqlash va kamaytirish boʻyicha samarali strategiyalarni ishlab chiqish zarurati ham mavjud. Shuning uchun maktabgacha yosh davridagi bolalarda xavotirlanishning zamonoviy koʻrinishlari oʻrganilishi dolzarb masala boʻlib qolmoqda.

**Xavotirlanishning koʻrinishlarini aniqlashning psixologik mezonlari sifatida quyidagilarni tavsiya etamiz.**

*Belgilarning kuzatilishi:* Bolalarda xavotirlanishning asosiy belgilari, masalan, haddan tashqari bezovtalik, qoʻrquv, yolgʻizlik hissi, notoʻgʻri oʻylash va davranishlarning oʻzgarishi.

*Emotsional holatni baholash:* Bolaning psixologik holatini tashxis qilish uchun emotsional holatni oʻlchash, bolaning hissiy reaktsiyalarini (xavotirlanish, qoʻrquv) kuzatish.

*Fizik alomatlar:* Bolada xavotirlanishning fizik alomatlari, masalan, tez-tez yurak urishi, bosh ogʻrigʻi, uyqusizlik va oshqozon-ichak muammolarini tahlil qilish.

*Davranishdagi oʻzgarishlar:* Oʻzgargan yoki toʻxtagan harakatlar, odatdagi faoliyatga qiziqishning kamayishi, doʻstlar bilan muloqot qilishda qiyinchiliklar.